

Epatit B

Konprann Epatit B epi pwomote pou yo fè tès pou li nan Kominote Ayisyen yo

Yon gid pou kominote pèsonèl sante, edikatè sante, lidè religye, pèsonèl medikal ak lòt pwofesyonèl ankò



**POUKISA EPATIT B APLIKAB
AK MWEN?**




PASKE...


Epatit B se youn nan enfeksyon ki pi komen nan mond lan.

Epatit B pi komen lakay moun ki fèt an Afrik, Azi, ak lòt kote nan mond lan.

Donk Epatit B mwens komen nan kominate Ayisyen yo parapò ak lòt kominate yo, li toujou rete yon viris komen nou dwe pale de li e teste pou li plis toujou.



KISA EPATIT B YE?



Epatit B se yon enfeksyon viral ki bay maladi grav nan fwa e menm kansè nan fwa.

**Kenbe fwa w an sante enpòtan paske li jwe anpil
wòl nan kò a.**

Dijere manje. 

Regilarize enèji.



Konstwi misk.



Kraze toksin.



Konbat enfeksyon.

Trete medikaman yo.




Anmagazine vitamin.

Ede san an kowagile.



**Moun paka viv san fwa
yo!**



BON NOUVÈL LA:

Lè yon doktè jere l, yon moun ka viv avèk maladi Epatit B pandan lontan.

Lè yo pran swen sante yo,
moun ka gen yon vi an sante
e long.

Ou ka ede yo kenbe kominote w la an sante lè w aprann de epatit B epi fè pwomosyon pou moun konnen l epi teste pou li. Rete an sante bon anpil, konsa kominote w la ap ka kontinye viv yon lavi sen, pratike kwayans reliye yo, epi manm valab nan kominote a.



BAZ EPATIT B

Epatit B se youn nan enfeksyon ki pi komen nan mond lan.

Nan tout mond lan

Prèske 300 milyon moun ap viv
ansnm avèk epatit B



Nan Etazini


Anviwon 2,4 milyon moun gen
enfeksyon epatit B

**Pi fò moun ki gen epatit B pa menm
okouran si yo enfekte!**



Gen 2 kalite enfeksyon epatit B.

Egi



Enfeksyon akoutèm

Kwonik



Enfeksyon alontèm

Ak laj yon moun pran epatit B a pral detèmine ki kalite enfeksyon l ap genyen.

Egi

Yon enfeksyon ki dire mwens pase 6 mwa




- Mwens komen
- An jeneral sa rive lè w trape viris la pandan w adilt
- An jeneral li soti nan kò a apre 6 mwa

Kwonik

Yon enfeksyon ki rete pandan tout lavi w



- Pi komen an
- Sa souvan rive lè w pran viris la nan anfans
- Li souvan rete pandan tout lavi w



Anpil fi ansent pa menm konnen si yo gen epatit B, e san yo pa konnen yo transmèt viris la bay tibebe a.

San vaksen an, anpil nan yo pral tounen kwonik, enfeksyon alontèm.

Yon moun ka pran epatit B tou nan:



San

Kontak dirèk san ak san



Manman a pitit
pandan nesans



Kontak ant manm fanmi
Pataje materyèl ijyenik
(razwa, bwòs dan, zanno,
elatriye.)



Tatou, pèsing, babè,
sikatrizasyon, ak pratik
sikonsizyon



Ekspozisyon
nan swen
sante



Pataje egui

Sèks

Kontak dirèk ak likid ki soti nan
kò moun ki gen epatit B



Sèks san pwoteje

Gen risk nan tout kontak
entim

Epatit B PA pwopaje nan:

Manje

Oswa pataje repa ak yon moun ki
gen epatit B



Estènen oswa
touse sou yon
moun



Touche



Bay akolad



Bo

Dlo

Bwason ki soti nan yon gode oswa
pataje douch ak yon moun ki gen
viris la



Bay timoun tete



Gen pi piti pase 10% moun k ap viv ak
epatit B kwonik ki gen sentòm.

Si w santi sentòm pou epatit B kwonik,
sa ka yon siyal davans pou maladi fwa:



Po oswa je jón, doulè nan vant,
vomi, santi fatig, doulè nan jwenti,
pipi fonse, poupou koulè ajil

Epatit B ka bay maladi fwa oswa kansè fwa

Si yo pa jere oswa trete epatit B, moun nan gen
pi gwo risk pou maladi fwa oswa kansè fwa


Pwogresyon nan maladi fwa




Fwa an sante



Fibwoz fwa



Siwoz fwa



Kansè Fwa



Sepandan epatit B afekte kominote Ayisyen yo, pifò moun pa konn si yo gen viris la.



Moun yo ka pè fè yon tès. Yo ka kwè malerezman yo pral gen sentòm, yo ka kenbe mit popilè yo, oswa yo ka pa gen aksè ak swen sante.

Lè w pa gen konesans sou yon enfeksyon se yon risk pou sante w.




San yon swen sante regilye e yon posibilité tretman, yon moun ki gen epatit B ap fè fas ak risk elve pou maladi nan fwa, kansè nan fwa, oswa transmèt viris la bay lòt moun san yo pa konnen.



Kounya a CDC rekòmande pou tout adilt nan Etazini teste pou epatit B omwen yon fwa pandan y ap viv e pou tout adilt ki nan laj ant 19 e 59 lane (Menmjan ak moun ki gen laj 60+ ki gen risk elve yo) pran vaksen kont epatit B.

Tès pou epatit B se yon senp tès san.

Yon doktè familyal, yon espesyalis fwa,
oswa yon sant sante kominotè ka fè l.



Li rapid e li fasil epi rezulta yo ap
disponib nan kèle jou.

Lè yon moun fin teste:

Si rezulta tès la revele



Yon moun PA enfekte

- Li dwe pran vaksen pou fè prevansyon kont epatit B

Yon moun enfekte

- Yo dwe wè yon doktè pou tès adisyonèl
- Fè manm fanmi ak patnè seksyèl yo teste



Moun ki teste pozitif pou epatit B ka rete an sante nan:

1

Wè doktè 1-2 fwa pa ane.

- Sitou yon doktè ki eksperimente nan jere ka epatit B
- Li pral fè tès adisyonèl, e si nesesè, prekri tretman



2

Mennen yon estil vi ki an sante.

- Fè yon dyèt nitrisyonèl
 - Rete aktif fizikman
 - Evite alkòl ak sigarèt
- Yo gen toksin ki ka domaje fwa a



Pa gen gerizon pou epatit B kwonik.

Di medikaman oswa remèd fèy ka geri viris la se manti.



Gen tretman pou epatit B.

MEN, BON NOUVÈL LA SE...

Gen tretman yo rele antiviral, ki ka efektivman kontwole viris la epi anpeche domaj nan fwa a.



Poukisa moun bezwen fè tès pou epatit B?




Yo ka kontwole epatit B epi trete !!



Yon moun pa dwe tann jiskaske l malad.

Pi fò moun pa gen sentòm.




Yo dwe teste kounya a!



Gen yon bon vaksen ki san danje ki ka pwoteje moun ou renmen ki pa gen epatit B.

Teste kounya a ka ede yon moun rete an sante pou pwòp tèt li ak pou moun li renmen yo!





OU GEN POUVWA POU W SOVE LAVI LÈ W:

- EDIKE MOUN SOU EPATIT B
- FÈ PWOMOSYON POU YO TESTE POU LI

Pale de epatit B nan yon fason ki kiltirèlman sansib ka yon defi.



Konnen move konsepsyon ki pi popilè yo epi fason pou simonte yo ka ede w elimine estigmatizasyon yo e transmèt enfòmasyon ki egzat.



Movèz konsepsyōn #1: Sentom

M pa gen okenn
sentom.

M ka toujou
gen epatit B?



Wi.

Pifò moun ki gen
epatit B pa gen
okenn sentom!



Evidans #1

Pi fò moun ki gen epatit B pa gen okenn sentom.

Pa blyye:

Pifò moun ka gen abitid trete maladi sèlman lè yo gen sentom.
Moun yo ka pa santi li ijan pou yo fè tès.



Konsèy kle:

- Fè manm kominote a konnen moun ki gen epatit B anpil fwa pa gen sentom, menm lè fwa yo ka domaje.
- Raple moun yo ke yo gen pouwva pou amelyore eta sante yo kounye a, pou anpeche pwoblèm fwa grav nan lavni.
- Tès epatit B se yon senp tès san. Se sèl mwayen pou w konnen si yon moun enfekte!

Movèz konsepsyon #2: Transmisyon

M pa t fè anyen
ki gen risk pou
m pran epatit B.

M ka toujou
genyen l?



Wi.

Pi fò moun pran epatit B
depi nan nesans oswa
pandan yo timoun.



Evidans #2

Pi fò moun ki gen epatit B te enfekte depi nan nesans oswa
byen bonè nan anfans yo.

Pa blye:

Kèk moun asosye epatit B ak move eta sante oswa risk move
konpòtman. Moun yo gen dwa pa konnen kòman pi fò moun vin
enfekte.



Konsèy kle:

- Ranfòse fason ki pi komen epatit B transmèt; Kit se atravè kontak san nan nesans oswa kontak avèk san yon moun ki gen epatit B pandan byen bonè nan anfans li.
- Rapple yo ke epatit B se youn nan enfeksyon ki pi komen nan mond lan li ka itil pou nòmalize depistaj la.

Movèz konsepsyon # 3: Swen Medikal

Gen tretman pou
epatit B?



Wi.

Gen tretman ki disponib
pou ka ede moun rete
an sante.



Evidans #3

Gen tretman ki disponib pou ede moun rete an sante.

Pa blyye:



Moun yo ka enkyete paske pa gen gerizon e dyagnostik epatit B
pral chanje lavi yo konplètman - Men li pa dwe konsa!

Konsèy kle:

- Moun ki gen epatit B ka toujou viv lontan, an sante epi yon vi pwodiktif.
- Abityèlman epatit B pwogrese lantman. Pi gwo danje a se pa konnen si yon moun enfekte!
- Epatit B ka jere efektivman avèk letan pandan w ap wè yon doktè e w ap pran tretman si se nesesè.



Atansyon:

Ka gen estigmatizasyon ak laperèz ki asosye ak epatit B.

Ann aprann kouman pou nou simonte baryè yo lè n ap fè edikasyon.



Elimine estigma: Movèz enfòmasyon

Estigmatizasyon ka soti nan movèz konsepsyon.

Movèz konsepsyon ka kreye asonpsyon sou fason moun pran viris la.

Moun yo ka di moun pran epatit B nan:

- Konpòtman lmoral
- Itilizasyon dwòg
- Gen plizyè patnè seksyè



Elimine estigma: Movèz enfòmasyon

Pou simonte movèz enfòmasyon yo, mete anfaz sou evidans yo!



Moun pi souvan pran epatit B nan:

- Manman yo pandan nesans
- Kontak san ak yon moun ki pran epatit B byen bonè nan anfans


Nenpòt moun ka pran l kèlke swa valè religye oswa kiltirèl li



Elimine estigma: Laperèz



Estigma ka soti tou nan laperèz.



- Pou yo wè w ap fè tès
- Jesyon yon enfeksyon epatit B
 - Pri
 - Wè yon doktè regilyèman
 - Fado familyal
- Estigmatizasyon sosyal
 - Izole de zanmi ak fanmi
 - Jijman komunitè

Elimine estigma: Laperèz



Pou simonte laperèz, nòmalize tès epatit B e mete anfaz sou resous disponib yo.



- Resous yo disponib pou ede moun k ap viv ak epatit B yo.
- Epatit B se yon viris ki komen anpil, e yo ka jere efektivman nan wè yon doktè ak fè senp chanjman nan estil vi.
- Plis bon enfomasyon kominote konnen, mwens estigmasyon k ap egziste sou epatit B nan kominote a!

Ou jwe yon wòl enpòtan nan kominote a, e ou gen pouvwa pou pwomote konsyantizasyon ak depistaj pou epatit B!



Konsèy kle:

- ▶ Pa janm di enkyetid yon moun pa bon. Toujou ankouraje manm kominote yo pou yo vin otonòm e pwoaktif konsènan sante yo, konsa yo ka rete an sante pou pwòp tèt yo ak fanmi yo.
- ▶ Si yon moun teste pozitif pou epatit B, gen yon bann resous ki disponib pou ede l jere enfeksyon lan, menm si li pa gen asirans.
- ▶ Yon dyagnostik epatit B pa vle di yon moun pral otomatikman malad anpil oswa li pa an bòn sante. Nan mennen yon estil vi ki an sante epi jere viris la ak yon doktè, moun yo ka viv lontan e gen yon vi pwodiktiv!

Ou pa poukонт ou! Gen resous ki disponib pou ede:



Kijan m ka jwenn doktè pou tès e swen?

Lis espesyalis fwa yo nan fondasyon epatit B
www.hepb.org/physiciandirectory

Lokalizatè Sant sante kalifye nan nivo federal (FQHC)
www.findahealthcenter.hrsa.gov

Ki kote m ka jwenn plis enfo sou epatit B?

Sant pou kontwòl Maladi ak Prevansyon (CDC)

- Enfòmasyon bazik sou epatit B, gid ak pdf ki ka telechaje
- Fichye enfòmasyon ki ka enprime, video PSA, enfografi, kwiz nan plizyè lang e plis
- Afich gratis

www.cdc.gov/knowhepatitisB

Fondasyon Epatit B

- Telefòn ak imel pou sipò an liy
- Enfòmasyon konprenansif
- Fichye enfòmasyon
- Videyo enspiran

www.hepb.org

Gen plizyè fason ou ka entegre edikasyon sou epatit B nan kominote w.

Pale ak kominote a de sante yo risk pou epatit B.



Pwomote yon sant sante lokal ki fè depistaj pou epatit B.

Dirije yon seyans edikatif, fwa pou sante, evènman espirityèl, oswa aktivite depistaj.



Plake fichye enfòmasyon edikatif yo, bwochi ak afich yo nan biwo w.



Pataje sou rezo sosyo yo pòs CDC yo ak pòs Fondasyon Epatit B a.

Lè manm kominote yo konsilte w pou konsèy espirityèl, pale ak yo sou enpòtans pou yo rete an bòn sante.



Mèsi paske w ap ede n pwopaje enfòmasyon sou epatit B!



Lè w fin wè prezantasyon sa a, tanpri konplete yon kout evalyasyon pèsonèl.

Klike la a!

Kòmantè w yo ka ede n founi w plis resous
itil!

Imel: info@hepb.org pou kesyon ak sipò adisyonèl

